



Avi Piblik Kont Diskriminasyon

Avi kont diskriminasyon sou baz andikap dapre Lwa Ameriken 1990 sou moun Andikape yo ak Atik 504 la nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon

Dapre egzijans Tit II nan Lwa Ameriken 1990 sou andikape yo ak atik 504 la nan Lwa 1973 sou Reyabilitasyon, Department of Children, Youth, and Families (Depatman Timoun, Jèn, ak Fanmi yo, DCYF) Eta Washington p ap fè diskriminasyon kont moun ki kalifye ki gen andikap sou baz defisyans yo nan sèvis, pwogram, oswa aktivite li yo.

Kominikasyon Efikas

DCYF pral bay sou demann, èd ak sèvis ki apwopriye pou asire kominikasyon efikas pou moun ki kalifye ak yon andikap pou yo ka patisipe nan yon fason egal nan pwogram, sèvis ak aktivite DCYF yo. Èd ak sèvis sa yo ka gen ladan entèprèt ki kalifye nan siy lengwistik yo, dokiman an bray, ak lòt fason pou rann enfòmasyon ak kominikasyon yo aksesib pou moun ki gen pwoblèm lapawòl, tande oswa vizyon.

Modifikasyon nan Regleman ak Pwosedri yo

DCYF pral fè modifikasyon rezonab nan regleman ak pwogram yo pou asire moun ki andikape yo gen yon opòtinite egal pou patisipe nan tout pwogram, sèvis ak aktivite DCYF. Egzanp, moun ki akonpanye ak animal asistans yo asepte biwo Leta yo, malgre jeneralman bèt yo entèdi.

Mande yon èd oswa sèvis pou asire kominikasyon an efikas oswa yon modifikasyon nan regleman yo

Nenpòt moun ki bezwen yon èd oswa sèvis oksilyè pou kominikasyon efikas oswa modifikasyon nan regleman oswa pwosedri pou patisipe nan yon pwogram, sèvis, oswa aktivite DCYF, ta dwe notifiye youn nan manm pèsonèl ki anba yo pi vit posib, preferans 48 èdtan davans avan yon evènman pwograme:

1. Yon anplwaye DCYF, oswa
2. Yon Koòdonatè DCYF ADA
dcyf.adaaccessibility@dcyf.wa.gov
Telefòn: (360) 480-7230, itilizatè relè yo dwe rele nan 7-1-1

ADA a pa egzije DCYF pou l pran okenn aksyon ki ta chanje fondamantalman nati pwogram oswa sèvis li yo oswa ki ta enpoze yon fado finansye oswa administratif san rezon.



Washington State Department of
CHILDREN, YOUTH & FAMILIES

Plent

Yo ta dwe voye yon plent ki montre yon pwogram, sèvis oswa aktivite DCYF ki pa aksesib pou moun ki gen andikap yo:

Karin Morris, Koòdonatè ADA
Department of Children, Youth, and Families
(Depatman Timoun, Jèn, ak Fanmi yo)
1500 Jefferson St, SE
Olympia, WA 98501
dcyf.adaaccessibility@dcyf.wa.gov
Telefòn: (360) 480-7230
Relè Washington dwe rele nan: 711 oswa 1-800-833-6384

Eta Washington p ap mete yon frè siplemantè sou yon moun ki andikape oswa nenpòt gwoup moun ki gen andikap pou kouvri yon depans pou bay èd oswa sèvis oksilyè oswa modifikasyon politik rezonab.

Malgre DCYF gen yon regleman entèn pou plent ADA, regleman sa a pa anpeche okenn fason yon moun ki gen yon andikap pote yon plent pou diskriminasyon enfimite nan US Department of Justice's Civil Rights Division (Divizyon Dwa Sivil Depatman Jistis Etazini) pou vyolasyon Tit II ADA, Department of Health and Human Services (Depatman Sante Etazini ak Sèvis Imen) pou vyolasyon Atik 504 la, oswa nan Human Rights Commission (Komisyon Dwa Moun) nan Eta Washington.

Department of Justice (Depatman Jistis Etazini, DOJ), Divizyon Dwa Sivil

<https://civilrights.justice.gov>

Kontakte Department Of Justice (Depatman Jistis) la pou rapòte yon vyolasyon dwa sivil sou Entènèt:

<https://civilrights.justice.gov/report>

Pou depoze yon plent ADA nan lapòs, telechaje fòmilè plent ADA a:

www.ada.gov/t2cmpfrm.html

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

Depatman Jistis Etazini (Department of Justice, DOJ) –
Divizyon Dwa Sivil
950 Pennsylvania Ave, NW
4CON, 9th Floor
Washington, DC 20530

Department of Health & Human Service, Office of Civil Rights (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazini, Biwo Dwa Sivil)

Enstriksyon pou Depoze Plent nan Dwa Sivil:

www.hhs.gov/civil-rights/filing-a-complaint/complaint-process/index.html

Asistans Plent AnliyHHS - OCR:

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/smartscreen/main.jsf>

Pou depoze yon Plent sou Atik 504 la nan Lwa Reyabilitasyon an nan pa lapòs, telechaje fòmilè Diskriminasyon Dwa Sivil la:

www.hhs.gov/sites/default/files/ocr-60-day-frn-cr-crf-complaint-forms-508r-11302022.pdf

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

Centralized Case Management Operations
(Operasyon Santralize nan Jesyon Ka yo)
U.S. HHS – 200 Independence Ave., S.W.
Room 509F HHH Bldg.
Washington DC 20201

Washington State Human Rights Commission (Komisyon Dwa Moun nan Eta Washington, WSHRC)

www.hum.wa.gov

Pou depoze yon Plent Diskriminasyon Enfimite ki gen rapò ak yon Akomodasyon Piblik nan lapòs, telechaje fòmilè Plent Akomodasyon Piblik la:

www.hum.wa.gov/file-complaint

Voye fòmilè ki ranpli a bay:

WSHRC – Olympia Headquarters
711 S. Capitol Way, Suite 402
Olympia, WA 98504

DCYF pa fè diskriminasyon epi li bay aksè egal nan pwogram ak sèvis li yo pou tout moun san yo pa konsidere ras, koulè, sèks, relijyon, kwayans, eta sivil, orijin, oryantasyon seksyèl, laj, estati veteran, oswa prezans nenpòt ki fizik, sansoryèl, oswa andikap mantal.

*Si ou ta renmen gen yon kopi gratis nan piblikasyon sa a nan yon fòm altènatif oswa lang, tanpri kontakte DCYF Constituent Relations (Konstitiyan Relasyon DCYF yo) nan 1-800-723-4831 oswa voye yon imèl nan **communications@dcyf.wa.gov**.*

DCYF PUBLICATION HR_0012 FC (02-2023) French Creole